# АДЫГАГЪЭР АР ЦIЫХУГЪЭЩ

*ЦIыхур цIыхум зэхищIыкIым,*
*ЩыгуфIыкIыу игъэгушхуэм*
*Игъэпэжсым, игъэлъапIэм,*
*Псоми дощIэр- ар цIыхугъэщ*
*Нэгъэсауэ адыгагъэщ*
*Адыгагъэр- ар цIыхугъэщ.*

**Адыгагъэ, адыгэ хабзэ, адыгэ намыс.**
Ахэр лъэпкъым и лъапIэныгъэщ. и набдзэщ. ди гъащIэм и купщIэщ. Ижь- ижьыж лъандэрэ а лъапIэныгъэхэр дэ ди лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ. КъыдогъуэгурыкIуэ, адыгэ хабзэ дахэр намысым, цIыхугъэм, лIыгъэм, пэжыгъэм къыгуэхыныгъуэ имыIэу епхауэ. Кавказым щыпсэу лъэпкъ псоми. хамэ къаралхэм къикIыурэ хьэщIапIэ къытхуэкIуэу щыта еджагъэшхуэхэми яфIэтелъыджэщ, яфIэдахэщ адыгэ псэукIэр, адыгэ хабзэр, адыгэ намысыр.

*Уэрэд «Адыгэ намыс»*

- Адыгэ хабзэр гъунэншэщи, и гъэзэщIэнри тыншкъым.
Ар лъэпкъыр зы зыщI, зэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэшхуэ дыдэщ.
- Сыт адыгэ хабзэр, адыгагъэр, намысыр зищIысыр?
Сыт хуэдэ мыхьэнэ якIуэцIылъ а псалъэхэм?

Адыгэ хабзэр псалъэ тIущым изэгъэнумэ. цIыхум и напэмрэ и хуитыныгъэмрэ, цIыху хыхьэкIэ- хэтыкIэм и лъэныкъуэ псори зыкIуэцIылъ гъащIэ мардэщ.
А псалъэм къарууэ кIуэцIылъыр гъунэншэщи. и гъэзэщIэнри псынщIэ цIыкIукъым, шыIэныгъэшхуэрэ акъыл зэтесрэ уиIапхъэу къегъэув абы утетыфыным.

Дунейм зы лъэпкъи теткъым и хабзэр фIэIеижу. Уэзсар узыщIапIыкIар сыт щыгъуи уигу ирохьыж, абы дагъуэ гуэр иIэуи пщIэркъым. Лъэпкъым и псэукIар, и хабзэр зыхуэдэр къэпщIэн щхьэкIэ. а хабзэр Iейщ е фIыщ жыпIэн ипэ пщIэн хуейщ а хабзэм лъабжьэ хуэхъуар.

Мы ди гъащIэм къыхуэтыр мащIэкъым, псом хуэмыдэу цIыхугъэ, гущIэгъу, напэ и лъэныкъуэкIэ. Ауэ а щыщIэныгъэхэр IэджэкIэ нэхъ кIащхъэ хъуну къыщIэкIынт цIыхухэм, лъэпкъым ди адыгэ хабзэр нэсу пщIэжу, щхьэхуещагъэ фэрыщI хэмылъу дгъэзащIэу щытатэм! Адыгэхэр нобэ ди хабзэм дриджэгу мыхъумэ, абы мыхьэнэ гуэр иIэу тлъытэжыркъым. Хабзэм тету, ар ягъэзащIэу, фэрыщIагъэ хамылъхьэу псэууэ щытамэ я гур къабзэу, я псалъэр пэжу хьэрэмагъ яхэмыъу, я мыIуэху зэрамыхуэу. пцIы ямыупсу, я щхьэм темылъ трамылъхьэу, зы щхьэкIи я цIыхь ямыгъэлъахъшэу, нэгъуэщIыр я щхь. Иралъытыфу. къарууншэр тегушхуэгъуафIэ ямыщIу. Iей къызылъысам къыщхьэщыжыфу, мыдыгъуэу, мыфыгъуэу, мыпэнсейуэ, я гуащIэ хьэлэлкIэ псэужу, я сабий, я щIэблэ зэрагъэдэIуэжыфу, я бзылъхугъэ ягъэлъапIэу, я нэхъыжь пщIэ хуащIу щытынухэт.

*- Адыгэ хабзэм теухуауэ псалъэжь тщ1эхэр къыжыдывгъы1эт*

- Адыгагъэр адыгэ хабзэм къыгуэпх мыхъуну сыт щыгъуи абы и гъусэщ, и щ1эгъэкъуэнщ. Сыт хуэдэ пкъыгъуэхэр хыхьэрэ адыгагъэм? И1эт къыжыф1эт?

- Ц1ыхугъэ, щэн- 1эдэб, намыс, ук1ытэ, щыпкъагъэ, напэ, тхьэ, л1ыгъэ, хэкум ц1ыхум яхуи1э 1уэхущ1афэ, хьэтыр, гущ1эгъу, псапэ.зэхэщ1ык1, ц1ыху хэтык1э, мардэ, блэк1амрэ къак1уэнумрэ зэрахуццытыр, бынунагъуэ, лъэпкъ гупсысэк1э, жыхуэт1э гуры1уэгъуэхэр псори зэхуэхьэсыжау

- Адыгагъэр хабзэм къыщыхэщыжк1э, хабзэми адыгагъэм еныкъуэкъу гуэри хэткъым, ахэр сыт и лъэныкъуэк1и зыпыщ1ащ, зэк1эщ1эпхымэ, т1ури цымы1эжынк1э хъунущ. Аращи, сыадыгэщ зыхузы1эж дэтхэнэми псом япэ иригъэщыпхъэщ и лъэпкъым къыдек1уэк1 и хабзэхэр.

- Адыгагъэм пкъыгъуэ нэхъыщхьэу хохьэ ц1ыхугъэр. Ц1ыхугъэм хыхьэ 1ыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэ нобэ нэхъ кууэ дызытепсэлъыхьынур: гуапагъэмрэ хьэтырыф1ыгъэмрэ.

*Ат1э, ц1ык1ухэ къыжсыф1эт, дауэ къывгуры1уэрэ ц1ыхугъэ жыхуэт1э хабзэр?*

**Ц1ЫХУГЪЭ**

Л1ыхъужьыгъэм къыдэк1уэу, мы хьэлыр уэркъым хэлъын хуейт. Уеблэмэ л1ыхъужьыгъэ зыхэлъым ц1ыхугъэ бгъэдэлъыныр адыгэхэм къызэралъытэмк1э 1эмалыншагъэт. Къарурэ зэф1эк1 кудейрэ зи1эртэкъым. ат1э абы къыдэк1уэу адыгэ хабзэр дахэу зезыхьэфырт жылэм пщ1э зыхуащ1ыр. 1эщэр ф1ыуэ зыгъабзэ зауэл1 къарууф1эхэр ялъытэрт. Ауэ ц1ыхугъэр 1эщ1ыб зыщ1ауэ къару къудейм ирипагэм 1умпэм ящ1ырт. Апхуэдэхэм щхьэк1эщ « Выри лъэщ дыдэщ, ауэ къаубыдыри щащ1э» щ1ыжа1эр.

Адыгэ хабзэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэщ ц1ыхум и пщ1эр къэ1этыныр. Абы къыхэк1уи, нэгъуэщ1ым и пщ1эр езыудыхым, нэхъ къарууншэ, нэхъ зэф1эк1ыншэм лей езыхым жылэм я губгъэн къихьырт. Ущыпсалъак1э уи макъ зебгъэ1этын къудейр къемызэгъыу ябжырт, узэпсалъэр пщыл1уи ирехъу. Уэркъ нэпсым ц1ыхугъэ хэлъыр пэжт, къарууншэм, тхьэмыщк1эм и чэзум къыщхьэщыжыфмэ, и гулъытэ хуэныкъуэ дэтхэнэми къуэувэмэ.

*- Ат1э, атк1э гуапагъэм пыщ1а хабзэхэм, щытык1эхэм хэт къытхутепсэлъыхьын?*

**ГУАПАГЪЭ.**

Ц1ыхухэм яку дэлъ пщ1эр, нэмысыр, гулъытэращ гукъыдэж къайзытыр. Ар мыхъуамэ, зытеплъэ мыхъуу къызэхэнэнут. Адыгэм ауэ сытми жи1акъым « ц1ыху ц1ыху щ1ыж?» жи1эу. Гуапэу салам къозыхым, къыпщ1эупщ1эм, гулъытэрэ гущ1эгъурэ къыпхуэзыщ1ым къару къыпхелъхьэ, уегъэгушхуэ, гъащ1эм ущегъэгуф1ык1. Арагъэнщ дауик1, гуапагъэр, нэщхъыф1агъэр адыгэ хабзэм лъабжьэ быдэ щ1ыхуэхъуар.

Атlэ цlыхум узэрыхуэнэщхъыфlэнур дауэ? Къэтхъыныц жыжьэ дымыкlуэу зы щапхъэ къызэрыгуэкl. Къалэм къикlыж автобусым ис щlалэщlэ къотэджри зи ныбжь хэкlуэта цlыхубзым зыхуегъаээ; « Тlыс, дянэ, тхьэм щхьа, ущымыт» – « Пщlэ тхьэм къуит. щlалэ», жери цlыхубзыр мэтlыс, мащlэу зеплъыхьри, ауэ пцыт сабийм кlэнфет lэбжьыгу хуеший « Мэ си тlасэ», жери. Сабийм « тхьэм уигъэпсэу, нанэ» – жери кlэнфетыр къыlех. Ар зылъагъу щlалэм и анэр къопсалъэри : « Уи lыхьэ кlыхь тхьэм ищl», жери цlыхубзым фlыщlэ хуецl, йохъуэхъу. Цlыхубзыр щlалэ цlыкlум и анэм къыхудоплъейри гуапэу къыпедзыж: « lыхьэншэ тхьэм уимыщlкlэ, уи сабийм и хъер куэдрэ тхьэм уигъэлъагъу». Адыгэ хабзэр апхуэдэ защlэу зэхэлъщ. цlыхум узэрыхуэнэшхъыфlэну lэмалхэм гъуни щlэи иlэкъым. Псом хуэмыдэу куэдщ. мин бжыгъэщ цlыхум гу лъызытэ псалъафэхэр – нетlэ зи цlэ къисlуа хъуэхъу кlэщl къызэрыгуэкlхэр. Ахэр дэтхэнэ зы адыгэми пщlэн хуейщ. къыщезэгъ сыхьэтым занщlэу къыжыlэн хуэдэу. Гулъытэ псалъафэхэр. нэщхъыфlагъэ къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщl lэмалхэр зымыщlэм цlыхум зэрыхыхьэни къызэрыхэкlыжыни ищlэркъым. Щимыщlэкlэ емыкlу къехь: цlыху мыщl къыфlащ. и lуэху кlуатэркъым. Аращи фызыхэтым пщlэ щывгъуэтыну фыхуеймэ гуапэу фыщыт. цlыху гулъытэ псалъафэхэр зэвгъащlэ. Гуапагъэм псапэ пылъщ.

Цlыхум и хьэтыр лъагъун хуейщ, гущlэгъу хуэщlын хуейщ, гугъу зыдегъэхьын хуейщ, дэlэпыкъун хуейщ. Хьэтырыншэри гущlэгъуншэри зыщ – цlыху щlагъуэкъым. адыгагъэ хэлъкъым жевмыгъыlэ.

*Атlэ хьэтырыр нетlэ зи гугъу тщlа гуапагъэм сытклэ къыщхьэщыкlрэ?*

Сэ къызэрызгурыlуэмкlэ тlури цэн дахэхэм. цlыхур зыгъэлъапlэ, псэ къыхэзылъхьэжщэн щапхъэхэм ящыщщ. Ауэ хьэтырыр нэхъ ткlийщ. Хьэтырыр псалъэ дахэ къудейкlэ зэфlэкlыркъым, зи хьэтыр плъагъум lуэхукlэ, былымкlэ, ахъшэкlэ зыщlэбгъэкъуэн хуейщ. Псалъэм папщlэ. укъулыкъуцlэу, зэфlэкl уиlэу цlыху къыпхуокlуэ: « Лей къыслъысащ. лажьэ симыlэу лажьапlэм сыкъыlуагъэкlащ. си бынунагъуэр зэрыспlынур сщlэркъым» - жери. «Аращ - моращ, хьуркъым – щlэркъым»,- жыпlэу щlэбгъэкlыжым ухьэтырыншэщ, улlыгъэншэщ. Тхузэфlэкlыхэу щытмэ лей зылъысам дэlэпыкъун хуейщ.

- абы жиlам къикlыркъым цlыхум и хьэтыр щыплъагъунур езым зыкъуигъэщlа нэужь къудейуэ. Атlэ зыкlи зыкъуимыгъащlэу, уеблэмэ и lуэху зэрымыщlагъуэр ибзыщlу щытми, гу лъыптэу и хьэтыр плъагъуну къыптохуэ уи зэман, уи къару. уи мылъку тебгъэкlуадэу. Хьэтырыфlагъэр псэ хьэлэлагъэщ. жумартагъэрщ. А зылъыхъуэр фlыщlэкъым, атlэ псапэщ, напэщ, хабзэщ.

### ХАБЗЭ

*Хабзэращ цlыхум хьэл-щэн дахэ хэзылъхьэр*
*Уэзыращ цlыхум лъэпкъ и напэ зыфlищар*
*Хабзэращ лъэпкъым ижьэгу пощхьэр зыгъаблэр,*
*Нэхъыжьыфlхэм я lущагъ мыкlуэщlыр зыхъумар*
*Хабзэращ дадэр гъуазэ дахэу зрикlуар*
*А зыращ щlалэм дамэ лъэщу къыхихар*
*Хабзэращ пщащэр ди утыкум къизышар*

*Уэрщ уэращ лъэпкъым уэрэд гуапэ щӀыхишар*
*Хабзэращ пасэм и фэеплъу къигъэнар*
*Хабзэращ нобэ нэмыс диӀэр къэзыхьар*
*Уэ зыращ, хабзэ, ди къэкӀуэнур зыпытщӀар*
*Уэрщ, уэращ лъэпкъым и нэмысысыр зыӀэтар.*

**Адыгагъэр ар цӀыхугъэщ!**

АтӀэ адыгагъэр сыт хуэдэ Ӏыхьэурэ угуэша?
КъедывгъэбжэкӀыт:

- ***ЦӀыхугъэ,***
- ***Нэмыс,***
- ***ЩӀыхь,***
- ***Напэ,***
- ***ЛӀыгъэ,***
- ***Хахуагъэ.***

- Арауэ къыщӀэкӀынщ ди хабзэм ипкъ иткӀэ хьэщӀэ лъэӀуакӀуэ щӀыщыӀар, уэкъулакӀуэ жыхуаӀэри щӀыщыӀар.

Жэщыбгым зыгуэр къеджамэ «хэт ар?, узыхуейр сыт?» – жамыӀэу. къыхуей хъуам деж щӀэкӀырти и гуэзэвэгъуэр дихьу зыхуейр хуищӀэрт, ублэмэ нэгъуэщӀ щӀыпӀэ дэкӀуэрти зыхуейр хузэфӀигъэкӀырт.
Адыгэм и быныр шынагъэ яхэмылъу, бэшэчу, щӀыӀэми, мэжэщӀалӀэми. гугъуехьми щымышынэу ягъасэрт.

- Адыгагъэми, цӀыхугъэми, хабзэми къезыгъэртэкъым пцӀы бупсыну, бзэгу зепхьэну. умыщӀэ утепсэлъыхьыну.

ӀуэрыӀуатэм къызэригъэлъагъуэмкӀэ, ящӀэр. ялъэгъуар жамыӀэжын щхьэкӀэ,мыхэшэн щхьэкӀэ, зи хэкур зыбгынаи щыӀэщ. ЦӀыхум игу илъыр и Ӏуэху зытетыр езым къыбжимыӀэмэ, абы упкъырыупщӀыхьыныр хабзэншагъэу ябжырт. Арауэ къыщӀэкӀынщ хьэщӀэм зыкӀи емыупщӀу, уэршэрыным абы я нэхъыжьхэм щӀрагъадзэу щӀыщытар.
- зауэ хуэӀуэхуэщӀэхэм къыщынэмыщӀауэ къызэрыкӀуэ и гъащӀэм дежи адыгэр сыт щыгъуи хэгъэжыхьат гугъуехьымрэ шыӀэныгъэмрэ. ЩӀалэ цӀыкӀухэр губгъуэмрэ Ӏэщ пщыӀэхэмрэ, хъыджэбз цӀыкӀухэр унагъуэ Ӏуэхухэм, нэхъыжьхэм шаӀэпыдзлъэпыдзт. Хъыджэбз цӀыкӀухэр нэхъ тӀасхъэми, уэим ямыщӀами, щӀалэ цӀыкӀухэр дауэ емышами, махуэ псом лъэрытетами « сешащ». « ар схуэщӀэнукъым». «сощынэ» жаӀэн хуитакъым е я ныбжьэгъухэм щӀэнакӀэу, е нэхъыжьхэм дзыхь къыхуащӀыжынугэкъым зыгуэр я пщэ къыдалъхьэну. Апхуэдэ псом нэхърэ нэхъ щышынэт адыгэ щӀалэщӀэхэр дзыхь къыпхуамыщӀа нэужь- къэкӀуэн уиӀатэкъым. А псом шыӀэныгъэшхуэ хуейт, сабий щэн хьэлыр ипсыхьырт и гъащӀэ кӀыхьагъкӀэ а псыхьыныр зэи имыутӀыпщыжыну. Мис апхуэдэ ныбжьым къыщыщӀидзэрт адыгэхэм и шыӀэныгъэшхуэмрэ и гъащӀэ псом нэмыс хъумэу къыщхьэщыт гупсысэмрэ.

- Адыгэхэр шыӀэныгъэшхуэм хуэгъэсэным тегъэпсыхьат и унагъуэм илъ зэхущытыкӀэри. ШыӀэныгъэ иӀэтэкъэ къэзыша щауэщӀэр махуэу и лэгъунэ щӀыхьэн зэрыхуимытыр, нэхъыжьхэм ялъагъуу я бынхэм ядэхэщӀэныр, я Ӏэблэм трагъэтӀысхьэныр емыкӀуу зэрыщытар. ШыӀэныгъэ ирикъутэкъэ. Ӏэнэм сыт хуэдиз ерыскъы гурыхь темылъами, ныбаблэу зыкъумыгъэлъэгъуэныр. и бгырыпхыр щӀикъузэу

Iэнэм тIысыныр, я деж ирикъуху щышхэу гуп яхыхьэныр, фадэм зыхуэшыIэныр гъунэу щытыныр, гъащIэ нэрыгъыу псэуныр.

**ШыIэныгъэмрэ бэшэчыгъэмрэ я зы щапхъэ**

Мэкъуауэ пщыIэм къытехьэжа нэхъыжьыр лэгъупIэмпIэм пэрыт щIалэм егуэуащ тутын пригъэнэну мафIэ къыхуихьыну. ЩIалэр мафIэм пэрылъэтри, пхъэ дзакIэ хэмылъыжу дэп защIэт. Зы дэп къипхъуатэри и Iэгухэм щызэпридзурэ хуихьащ къеджам. Нэхъыжьым гуахъуэ иIыгъыр щIым хисэри тутыныр дэпымкIэ щIигъанэу щIидзащ. « Тхьэм уигъэпсэу си щIалэ, шыIэныгъэ уиIэщ, иджы хуиг ухъужащи, уи Iуэху пэрыхьэж!»- къыщыжриIэм ! Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, нэхъыжьыфI, си лъэтхьэмпэм хэпIуа гуахъуэжьыр хэпхыжамэ, жыпIар згъэзэщIэнт» - жэуап етыж щIалэм. Нэхъыжьыр еплъыхщ, гуахъуэр щыхисам гуахъуэжьым щIалэм и лъэтхьэмпэр щIым ириIулIат. Гуахъуэр къыхичыжри: « Афэрым, тIу! ЛIы къыпхэкIынущи, тхьэм ухущIыгъыхьэ! Вакъэри лъэпэдри лъыхи уIэгъэм тIэкIурэ лъы кьигъэкI, псом нэхърэ лъым уIэгъэр нэхъ егъэкъабзэ. Сызыхуэмеихэ къысIэщIэщIати, абыкIэ гу зылъызыбгъэтакъым! Иджы фIэрий тхьэмпэ Iуэти телъхьэ лъэныкъуитIымкIи», жиIэри нэхъыжьым пщIэшхуэ къыхуищIащ, бэлътоку къабзэ кърихри кърита щ уIэгъэр иригъэпхэну.

- УкIытэ пхэлъым, напэ уиIэм, нэхъыжьым пщIэ хуэпщIын хуейщ - щыжаIэкIэ, адыгэ сабийр щIэупщIэркъым сыт щIыхуейр жиIэу. Абы къыдалъхуауэ ещIэ; уцIыхущи аращ цIыху нэщэнэхэр щIыпхэлъын хуейр.
- ЦIыху дыдэу цIыху нэсу щытыныр зэрытхузэфIэкIынур быдэу ди фIэщ тщIауэ ди гурэ ди щхьэрэ зэтелъу ар къыдэхъулIэным яужь дитым, дытегушхуэн хуейщ.
- Дэ къыдгурыIуэн хуейщ цIыхугъэм и хьэтырыр зэрыиныр, абы зэфIэкIышхуэ зэриIэр. ЦIыхугъэм и хьэтыркIэ Iэджэрэ къыжьэдэткъуэн хуей мэхъу.цIыхугъэм и хьэтыркIэ утегушхуэурэ пхузэфIэкIынущ плъэмыкIыну уи гугъэр. Ахэращ цIыхуныр зыгъэгугъур. ИтIанэ уэ уи щхьэм пщIэ хуумыщIыжым, уи щхьэр уэ умыгъэлъэпIэжым, хэт уэ пщIэ къыпхуищIын, хэти лъапIэу уибжын? Уи щхьэр бгъалъэпIэжми, дауэ аразы утехъуэн цIыхугъэ зытемылъ цIыхуу дунейм утетыну?
- Нэмысым, укIытэм теухуа псалъэжьхэр.
- ПсэухукIэ зи ныбэм здишэмкIэ кIуэхэр егупсысу къыщIэкIынтэкъым ахэр былымым щIагъуэкIэ къызэрыщхъэщымыкIым, былымым ещхьыркъабзэу зэрылIэжынури – дунейм зи Iуэху дахи, цIыхуу зэрыпсэуам и цыхьэту зыщIыхуу щытахэм я гум къинэжын къамыгъанэу, зрахьэ псори, зэхуэхьэса мылъкури я Iэпкълъэпкъым хуэдэу уэсэпсу зэрыкIуэдыжынур. Абы емыщхьу цIыхуу псэуам къегъанэ лъэужь дахэ, и щхьэр щыщымыIэжми и цIэр фIыкIэ куэдрэ ягу къагъэкIыну. Аращ цIыхугъэм и уасэр.

- Адыгагъэр - ар цIыхугъэщ – жиIэу зэрыщытым и щыхьэтщ адыгэхэм къадекIуэкI мы псалъэхэр:

-

- **«ЦIыхугъэ иIамэ, адыгагъэ иIэщ, адыгагъэ иIэмэ, цIыхугъэ иIэщ»**

- ЦIыхур уи щхьэ нэхърэ нахъапэ ибгъэщмэ адыгагъэщ. Адыгагъэ хэлъщ, адыгагъэ къызихащ, адыгэлI хуэдэу щыт, адыгагъэ тIэкIу зэхэлъхьэ, адыгагъэ хэплъхьэн хуейщ Iуэхум, уадыгэкъэ уэ?- жыхуэтIэхэр.

**«АДЫГАГЪЭ» -**
Мамхэгъ Рае

Цlыхур цlыхум зэхищlыкlым
Щыгуфlыкlыу игъэгушхуэм
Игъэпэжым , игъэлъапlэм
Псоми дощlэр – ар цlыхугъэщ
Нэгъэсауэ адыгагъэщ.

Адыгагъэр - ар дахагъэщ
Адыгагъэр ар къабзагъэщ
Адыгагъэр ар пэжыгъэщ
Губзыгъагъэщ, щэныфlагъэщ.

Адыгагъэр ар адыгэм
Къыдалъхуауэ къыдокlуэкlыр
Адыгэпсэм ар и фащэщ
Адыгэбзэм ар и щэнщ.

Нэхъыжьыфlхэу, дади, нани
Гуащи, щауи, пщащэ цlыкlуи
Псори, псори зыгъэдахэр
Зыгъэбжьыфlэр адыгагъэщ.

Я гуфlэгъуэр къэзыlэтыр
Я гугъуехьыр зыгъэпсынщlэр
Ныбжьэгъугъэр , къуэшыныгъэм
Текlуэжауэ зыгъэбыдэр
Я цlыху щlыкlэу адыгагъэрщ.

Адыгагъэр бэшэчыгъэщ
lэдэбагъщ, lэсагъэщ, лlыгъэщ
Адыгагъэр -ар къарущ
Адыгагъэр -ар фlэлlыкlщ.

- Зым и lупщlэр адрейм и щlыбу зэхэт лъэпкъхэм фlы къайхъулlэкъым»
- Иджы адыгэ хабзэм. адыгагъэм къемыкlухэм дытепсэлъыхьынщ.

- Адыгэ хабзэ, адыгагъэ жезыгъыlэм и нэхъ хьэлыфlхэр къэубыдыжыгъуафlэщ, бгъэзэщlэф къудеймэ. Ауэ хабзэмрэ адыгагъэмрэ къемызэгъыу нобэрей ди гъащlэм къыхыхьауэ ди лъэпкъ нэмысыр зыуцlэпl куэдыр нэхъ зэхэгъэкlыгъуейщ. Ди лъэпкъ lущым цlыхум далъагъукlэ фlэлей- фlэгшъумэу ялъытэу щытахэр нобэ дызэрыс къэралым и хабзэхэми игъэдахэркъым.

- Адыгэ хабзэмрэ адыгагъэмрэ къемык1ухэр куэд дыдэ мэхъу , ауэ нэхъыщхьэу мыщ1апхъэ, ц1ыхум и пщ1эр зыгъэпуду дядэжьхэм ялъытэу щытахэм щыщхэщ:

- *Уи Хэку, уи лъахэ уемыпц1ыжыну*
- *Уи Хэку , уи лъэпкъ я тхыдэр умыщ1эныр и.къ.*
- *Мы къедбжэк1ахэм ящыщ мыхъумыщ1агъэ дяпэк1э зык1эрамылъэгъуэну лъэпкъым и бын псори Тхъэм фищ1.*
- *Узыншэу фыщыт!*